*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 26 (25755)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 14 феврал — æртхъирæны мæйы 14 бон, дыццæг    Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ — *Сатанайы номы аккаг*

3 ЮБИЛЕЙ — *Къусраты Анатолийыл — 70 азы*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Уæззау атлетикæ*

**Хатдзæгтæ æмæ нысантæ**

## Дзанайты Барисы кусæг балц Мæскуымæ

**Ацы бонты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис кусæг балцы уыд Мæскуыйы. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ амынддзинадæй регионы Хицауады Сæрдарæн Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты фарстаты фæдыл фембæлдтытæ уыд федералон ведомствæты минæвæрттимæ.**

### Социалон инфраструктурæйы объектты дарддæры нывыладæн

**Уæрæсейы Экономикон рæзты министрады Дзанайы-фыртæн фембæлд уыд Цæгат Кавказы федералон зылды социалон-экономикон райрæзты программætæм цæстдарæг департаменты директор Камиль БЕКСУЛТАНОВИМÆ. Ныхасы арахайджытæ се 'ргом аздæхтой цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, ахуырад æмæ спорты къабæзты ахсджиаг проекттæ царды рауадзынмæ.**



Фембæлды боны фæткмæ хаст æрцыдысты Алагир æмæ Мæздæджы районты донуадзæн-канализацион системæты цалцæгджы, Хъызлары спортивон комплексы арæзтад æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ. Сæрмагондæй æркастысты амынд къабæзты æндæр вазыгджын проекттæм дæр.

— Цæгат Кавказы федералон зылды райрæзты паддзахадон программæйы фæлгæты Цæгат Ирыстоны социалон инфраструктурæйы цалцæг æмæ арæзтадæн 2023 азы дихгонд æрцæудзæн 500 милуан сомæй фылдæр. Ацы азы пълантæм бахастам бирæ алыхуызон социалон объекттæ. Æмæ цæмæй уыцы пълантæ æнаиппæй æххæстгонд æрцæуой, уымæн хъæуы хицауады регионалон æмæ федералон ведомствæты æнгом æмархайд. Кæй зæгъын æй хъæуы, сæрмагонд цæстдарды аккаг у нысангонд объектты арæзтадон-монтажгæнæн куыстытæ афойнадыл райдайын, — бафиппайдта Камиль Бексултанов.

Уымæй уæлдай, фембæлды архайджытæ æркастысты 2024-2026 азты æмгъуыдмæ республикон бюджеты уагæвæрдтæ бабæстон кæныны фарстамæ дæр.

— Республикæйы дарддæры райрæзты пълантæм цы бирæ социалон объекттæ бахастам, уыдонæй алкæцыдæр махæн ахсджиаг у. Не 'рвылбоны архайды махæн сæйрагдæр у республикæйы адæмы царды уавæртæ хуыздæр кæныныл кусын. Коммуналон комплексы модернизаци, социалон кусæндæтты рацарæзт, спорты объектты арæзтад — æппæт ацы пълантæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хорзæрдæм сахаддзысты не 'мзæххонты цардыл. Ахæм уавæрты махæн уæлдай ахсджиаг у, республикæйы райрæзты проекттæм УФ-йы Экономикон рæзты министрады 'рдыгæй лæмбынæг цæстдард кæй ис, уый. Æмæ та ныр дæр федералон ведомствæмæ балæвæрдтам, 2024-2026 азты цы цымыдисаг проекттыл кусдзыстæм, уыдоны номхыгъд. Æмæ ныридæгæн уынæм, Экономикон рæзты федералон министрады специалисттæ амынд проекттæм хорз зæрдæйы ахаст кæй равдыстой, уый. Æнæмæнг, ахæм бæрнон æмæ бæстон ахасты фæрцы не 'ппæт иумæйаг пълантæ дæр къухы бафтдзысты, — бафиппайдта Дзанайты Барис.

### Цæугæдæтты былгæрæттæ уыдзысты фидардæр

**ДЗАНАЙТЫ Барисæн иннæ фембæлд уыд Доны фæрæзты федералон агентады.**

Уым Дзанайы-фыртæн ныхас уыд агентады разамонæг **Дмитрий Кирилловимæ.**

Фембæлды архайджытæ сæрмагондæй æрдзырдтой республикæйы иуæй-иу цæрæн бынæттæ донивылдтытæй бахъахъхъæныны фарстайыл.

Зындгонд куыд у, афтæмæй фæстаг азты дæргъы республикæйы бæлвырд мадзæлттæ арæзт цæуы хъæутæ æмæ горæттæ уалдзыгон донивылдтытæй бахъахъхъæныны нысанимæ. Ацы фембæлды федералон ведомствæйы разамонæджы æргом здæхт æрцыд Дзуарыхъæуы, Суадаг æмæ Ногхъæуы уавæрмæ.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Пресс-конференци**

## Ныхас — фæндæгты хæрзхъæддзинадыл

**Хæрзхъæд æмæ æдас фæндæгты арæзтадыл, бæлццæттæн хуыздæр лæггад кæныны фарстатыл цыд ныхас республикæйы Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты пресс-конференцийы. Журналистты фæрстытæн дзуапп радта комитеты сæрдар СОЛИТЫ Тариэл.**

Солийы-фырт раныхасы бафиппайдта, раздæримæ абаргæйæ, ныр сæ архайдæн æхцайы фæрæзтæ цас æмбæлы, уыйбæрц кæй цæуы. 860 милуан сомы радих кодтой Бесланы фæндæгты арæзтадæн æмæ уынгтæ срухс кæнынæн, куыстытæ фæуыны æмгъуыд — 2023 аз кæрон — 2024 азы райдайæн.

Æрыдон-Цыкола-Лескен-2 фæндаджы арæзтадыл та бахардз кæндзысты 180 милуан сомы. Ацы аз нысан кæнынц Цыколайы иувæрсты фæндаг саразын дæр, бындуронæй та цалцæггонд æрцæудзæн Дзинагъамæ бацæуæн фæндаг.

2023 азы республикæйы районты æхсæз хиды сæрты фæзындзысты ахизæнтæ.

Уыцы-иу рæстæг Дзæуджыхъæуы архайдзысты 31 объекты арæзтадыл. Ногиры фæзилæны æмæ базарадон центр "Метро"-йы цур фæндæгты арæзтады куыстыты сæйраг хай уал фесты, Бæлтайы бацæуæны фæзындзæн, цыппар тæлмы кæуыл цæуы, ахæм фæндаг, хæдтулгæтæн фадат уыдзæн æвæлмæстæй йыл цæуынæн.

Солиты Тариэл бæстон радзырдта туристон комплекстæ "Мамысон", "Хæххон Дыгургом" æмæ "Къæхтысæр"-мæ фæндæгты арæзтады тыххæй. Мамысонмæ ныр бахизæн ис, царды фæстагдæр домæнтæн дзуапп чи дæтты, уыцы тъунелыл, бавнæлдтой Транскамæй тъунелмæ Дæллаг Зæрæмæджы хиды онг, стæй хиды бацæуæнæй Мамысоны онг фæндаджы былтыл æмбондтæ аразынмæ. Фидæн азы кæронмæ туристон комплексмæ фæндаг уыдзæн цæттæ.



Дзыллон информацийы минæвæртты фарстытæ баст уыдысты, ацы аз февралы райдайæнæй фæлварæны хуызы цы проект куссы, уыимæ. Бæлвырддæр та, Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ цы ног автобустæ цæуы, уыдоны архайдимæ. Ифтонг сты фæстаг домæнтæм гæсгæ. Бæлццæтты аиппытæ байхъусынмæ цæттæ сты комитеты, цæмæй куысты ногдзинæдтæ ахадгæдæр уой. Рæхджы ног автобустæ цæуын райдайдзысты Беслæнмæ дæр.

25 автобусы нысан кæнынц Уæрæсейы горæттæм æрвитынæн. Бонцухæй уал дзы æртæ цæуы Ростовмæ, æрвылбон Краснодармæ цæуынæн та радих кодтой 5 иуæджы. Хæстæгдæр рæстæг ма сыл бафтдзысты: Буденновск, Севастополь, Ереван æмæ Тбилис.

Фæндаггаджы аргъыл цæмæй ма бафта, уый тыххæй сыл сæвæрдзысты валидатортæ, карточкæтæй пайдагæнгæйæ билеты аргъ уыдзæн туман асламдæр. 202-æм Федералон закъон хи транспортон компанитæн бар дæтты билеттыл аргъ æвæрынæн. Арæзт мадзæлтты фæрцы паддзахад архайы, цæмæй урæд цæуа æргъты уæлæмæцыд.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Транспорт**

### Æнæ рады лæудæй

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ телеграм-каналы куыд фыссы, афтæмæй паддзахадон арæны цæстдарæн уадзæн бынат "Уæллаг Ларс"-мæ туркаг уæзласæн хæдтулгæтæ уадздзысты æнæ рады лæудæй.**

"Турчы æрцыд æвирхъау æрдзон фыдбылыз. Ныртæккæ æппæт бæстæтæ сæ хъарутæ баиу кодтой, цæмæй зæххæнкъуысты аххосæй хъыгдардбаййафæг адæмæн баххуыс кæной. Мах рахастам цæстдарæн-уадзæн бынат "Уæллаг Ларс"-мæ туркаг уæзласæн хæдтулгæтæ æнæ рады лæудæй бауадзыны уынаффæ. Мæнмæ гæсгæ, уый уыдзæн раст уынаффæ", — фыссы нæ республикæйы Сæргълæууæг.

Фæндагыл цæуынæн фадæттæ аразыны центры бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ныртæккæ паддзахадон арæны 'рдæм цæуæг 2300 уæзласæн хæдтулгæйы лæууынц электронон рады. Ацы хæдтулгæтæн сæ фæндзæм хай цæуынц Туркмæ. Ацы бæстæмæ цæуæг хæдтулгæтæн ратдзысты æнæ рады лæудæй цæуыны бар.

— Æппæт хæдтулгæскъæрджытæ мæ хаст уынаффæ раст кæй бамбардзысты, уый мæ уырны, — загъта Сергей Меняйло.

**Æрæфы районæй**

### Социалон объекттæ

**Районы æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, спорт æмæ культурæйы къабæзты социалон уагæй ахадгæ объекттæ сараздзысты, стæй сæ бындуронæй сцалцæг кæндзысты. Ацы хабар фехъусын кодта районы сæргълæууæг ЛАГКУТЫ Омар.**

Хицауиуæггæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, районы дыууæ хъæуы скъолатæ бындуронæй цалцæггонд æрцæудзысты. Бынæттон хицауад спортивон инфраструктурæмæ здахынц стыр æргом (Сырх Дыгур æмæ Цыколайы æргомæй кусæг спортивон фæзтæ, Æхсæрысæры бирæкъабазджын фæзтæ, стæй Лескены физкультурон комплекс банывыл кæндзысты).

Советон хъæуы фæзындзæн ног Культурæйы хæдзар, Мæхческы Культурæйы хæдзар та бындуронæй сцалцæг кæндзысты. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазыл дзургæйæ, Лагкуйы-фырт куыд загъта, афтæмæй иннæ аз саразынмæ хъавынц районы центрон рынчындон, Хæзныдоны амбулатори та биноныг сцалцæг кæндзысты. Уымæй уæлдай, Уæллаг Зджыдæй Мæцутæмæ цæуæг автомобилон фæндаг рацаразынмæ хъавынц.

Иннæ аз Цыколайы канализацион хызты проект цæттæ кæнын райдайдзысты.

**Нæ уацхæссæг**

### "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ



**КЪУСРАТЫ Анатоли — физикон-математикон наукæты доктор, профессор, Дзæуджыхъæуы наукон центры зонадон разамонæг**

*БАФÆЗМ ÆЙ!*

**Уæлдæр скъола**

### Уыдзæн спортивон клубтæ

**Нæ республикæйы Парламенты депутаттæ хорзыл банымадтой уæлдæр скъолаты спортивон клубтæ саразыны закъон.**

Уыцы закъоны проектмæ гæсгæ уæлдæр ахуырад æмæ профессионалон ахуырады организациты хъуамæ уа иумæйаг цæстæнгас сæ мидæг студентты спортивон клубтæй хицæн хайæдтæ саразынмæ. Гъе, стæй сын хъуамæ, æнæмæнг, арæзт цæуа хъæугæ фадæттæ æмæ гæнæнтæ, цæмæй сæ куысты ма уа къуылымпытæ. Уый тыххæй нæ уацхæссæгæн радзырдта Цæгат Ирыстоны Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæдон хъуыддæгты сæрдар **Джиоты Георги.**

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

**Удварн**

### Иоанн Златоусты стæджы хай — Ирыстоны

**Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Мæскуыйы Ирвæзынгæнæг Чырыстийы кувæндонæй Цæгат Ирыстонмæ æрбафтыд Иоанн Златоусты стджыты хайимæ чысыл чырын.**

**Æрæджы чырын æрбаластой Дзæуджыхъæуы спортивон комплекс "Манеж"-ы цæуæг равдыст-армукъа "Чырыстон Ир"-мæ, 15 февралы та йæ æрбаласдзысты горæты сыгъдæг Уæлахизхæссæг Георгийы кувæндонмæ æмæ йæ ам дардзысты 9 сахатæй 12 сахатмæ, ома, ракуывды фæуды онг.**



*Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы пресс-службæ*

**Газетфыссынад**

### "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн



**Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæсгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!**

***Редакци***

**Дзырды фарн**

*Искæй уæрдонæй хи уæрдон хуыздæр у.*

*ДЖИМИТЫ Гиуæрги*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **14 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **1 градусы уазалæй — 4 градусы онг хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **0-2 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 10,32

**Хурыскаст** — 06,58
**Хурныгуылд** — 17,30

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 73,84
**Евро** — 78,94

12+

Аудынад

## Æххуыс — Турчы адæмæн

**Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бахаста фæндон, цæмæй Цæгат Ирыстоны æххæстгæнæг оргæнты кусджытæ се 'ххуысы хай бахæссой, Турчы республикæйы зæххæнкъуысты фыдбылызæй хъыгдард чи баййæфта, уыцы адæмæн.**

"Банымайут, нæ Хицауады Сæрдары хæдивджытæ æмæ министртæн иу боны мызд цас у, уый. Мах та, цы 'хца бамбырд уа, уый арвитдзыстæм æххуысы фондмæ", — загъта Сергей Меняйло.

Турчы цы стыр фыдбылыз æрцыд, уый бахаудта дунейы мидæг æппæты стырдæр дæс зæххæнкъуысты нымæцмæ. Ацы æвирхъау бæллæхы фæмард сты 29,5 мины, цæфтæ та фесты 80 минæй фылдæр адæймаджы.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

## Ирæтты нæ бахъыгдардта

**6 февралы Турчы рауайæг тыхджын зæххæнкъуыст Сирийы цæрæг ирæтты нæ бахъыгдардта.**

Ацы хабар фехъусын кодта Сирийы ирон æхсæнады разамонæг **Æлбегаты Хишам**.

— Табу Хуыцауæн, Сирийы цæрæг æппæт ирæттæ æгас сты. Ныртæккæ Сирийы цæрынц æртæсæдæ ироны бæрц, — загъта Æлбеджы-фырт.

Амæй размæ Турчы цæрæг ирон æхсæнады сæрдар **Хъуысаты Садреддин** куыд загъта, афтæмæй провинци Кахраманмарашы рауайæг зæххæнкъуысты аххосæй туркаг ирæттыл зиан не 'рцыд. Турчы зæххæнкъуысты фыдæй сирийаг провинцитæ Алеппойы, Латакийы, Хама æмæ Тартусы зиантæ æрцыд.

**ХУЫТЫГАТЫ Тамарæ**

## Цæугæдæтты былгæрæттæ уыдзысты фидардæр

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Ацы хъæутæ æрбынæттон сты, донивылдтытæ кæуыл фæзынынц, уыцы Фыййагдоны, Суадагдон æмæ Хайдоны былгæрæттæм 'ввахс. Æмæ цæмæй фидæны ацы хъæутæ донивылдтытæй æдас уой, уый тыххæй сбæлвырд кæнын хъæуы, цæугæдæтты былгæрæттæ фидардæргæнæн куыстытæ кæд æмæ цавæр фæткы бындурыл æххæстгонд цæудзысты, уыдæттæ.

— Хъæууон цæрæн бынæттæ донивылдтытæй бахъахъхъæныны фарста нæ республикæйæн уæлдай вазыгджын у. Фарстайыл кусгæйæ, фыццаградон æргом здæхт цæуы, уæлдай тæссагдæр уавæры цы хъæутæ сты, уыдоны уавæрмæ. Фыццагдæр былгæрæттæ фидардæргæнæн куыстытæ бакæнын хъæуы Дзуарыхъæумæ, Суадаг æмæ Ногхъæумæ 'ввахс. Æмæ нæ уыцы хъуыддаджы хъæуы Доны фæрæзты федералон агентады æххуыс, — загъта Дзанайты Барис.

Зындгонд куыд у, афтæмæй республикæйы цæугæдæтты былгæрæттæ фидардæр кæныны куыстытыл æрæджы ныхас цыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмæ УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Виктория Абрамченкойы** фембæлды дæр.

**СЛАНТЫ Аслан**

Арæзтад

## Телеуынынады мæсыг рæзы




**Дзæуджыхъæуы ног радиотелевизион мæсыгы арæзтад хъуамæ фæуа 2023 азы сæрды.**

**Объект æнæхъæнæй кусын райдайдзæн 2023 азы кæрон. Технологон ифтонггæрзты монтаж куы фæуа, уæд зæронд антеннæ нал хъæудзæн.**

**Объекты арæзтады куыстытæ райдыдтой 2022 азы майы.**

**("РБК Кавказ")**

Хицауады

# Æмбырд-семинар

**Цæгат Ирыстоны Хицауады уыдис æмбырд-семинар, архайдтой дзы Хицауады Сæрдары хæдивджытæ æмæ куысты сæйрагдæр æууæлты æххæстгæнæг оргæнты разамонджытæ.**



Ацы мадзалæн йæ сæйраг нысаниуæг ис хуыздæрæй-хуыздæр кæнын министрадтæ æмæ ведомствæты куыст электронон документы зилдухы, бæстæйы мидæг уавæр хынцгæйæ, информацион политикæмæ бæстондæр æргом здахын, протоколон фæдзæхстытæ афоныл æмæ куыд æмбæлы, афтæ æххæст кæнын.

Æмбырды архайджытæ радзырдтой, электронон документты зилдух кæй у сæ куысты ахадгæ фæрæз, æххуыс кæй кæны цыбыр æмгъуыдмæ ахсджиаг фарстатæ лыг кæнынæн, загътой, адæмы куырдиæттæм цавæр цæстæнгас здæхт цæуы, куыд сæ æххæст кæнынц, стæй дзыллон информацийы фæрæзтимæ куысты фæрцы хицауады оргæнты архайд адæммæ ирдæй кæй зыны, æппæт уыдæтты тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Хæсты азæлд

## Йæ сæдæ азы сæрты акаст

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Дыгуры районы цæрæг ЗУРАПТЫ Догка ивгъуыд хуыцаубоны сбæрæг кодта йæ сæдæ азы юбилей.**

Зурапты Гадацийы чызг Догка цæры Хъæрман-Сындзыхъæуы. Иттæг хорз хъуыды кæны 1942 азы цаутæ. Уæд немыцаг фашисттæ схæццæ сты Кавказмæ æмæ йын бацахстой йæ гыцыл хъæу. Æрыгон чызг ацыди партизантæм, зылди цæф æфсæддонтæм, зын хæстон уавæрты æнæзивæгæй кодта партизанты къорды алыхуызон куыстытæ.

Хæсты фæстæ Догка хъæзуатонæй куыста колхозы быдырты, йæ цардæмбалимæ схъомыл кодтой æхсæз кæстæры.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Закъонæвæрынадон фæндон

# Лæвар психологон æххуыс

**Цæгат Ирыстоны Парламенты советы æмбырды архайæг депутаттæ хæстон архайдты ветерантæн сæ службæйы фидыды фæуды фæстæ лæвар профессион медицинон-психологон æххуыс кæныны тыххæй закъоны проектыл сразы сты.**

— Бахастæуыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ хæстон архайдтыты ветерантæн (амæлæг ветеранты дæр нымайгæйæ) æмæ сæ бинойнæгтæн лæвар психологон æххуыс кæныны фæдыл барадон зæрдæдарæнтæ федералон закъонæвæрынады бафидар кæныны фæндон. Уымæй уæлдай, закъоны проект хæссы бахъуаджы рæстæг хæстон архайдтыты ветерантæн медицинон-психологон реабилитаци æххæст кæныны бар радтыны фæндон дæр, — загъта Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**.



Ныртæккæ адæмæн психологон æххуыс кæныны тыххæй иумæйаг закъонæвæрынадон акт Уæрæсейы нæй. Арæх ацы фарстамæ барадон цæстдард æххæст кæнынц къабазон закъонтæ æмæ дæлзакъонон акттæ.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Сатанайы номы аккаг

Ирыстоны бирæ кадджын хъæутæ ис, кадгæнæг та сын сты адæм, чи дзы цæры æмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ чи хæссы кад æмæ намыс, уыдон. Се 'хсæн ис Хуымæллæг дæр. Бирæ хорз адæм дзы рацыд, Ирыстонæн кад чи кæны æмæ кодта, ахæмтæ. Фæлæ абон мæ ныхасы сæр у **Къæбойты Зарæйы** тыххæй.

Уый райгуырд кадджын бинонты 'хсæн. Йæ мад — Уыртаты Соня, фæндзайæм-æхсайæм азты, гъæйтт, зæгъгæ, ирон хæдзары æфсин, цыппар сывæллоны мад, афтæмæй кодта æхсæнадон куыст хистæр нымайæгæй (бухгалтер). Йæ фæлтæрд зонындзинæдты руаджы бирæ куыстуæттæ сæхицæн æхсызгонæй агуырдтой Соняйы.

Фыд уыдис номхæссæг мыггагæй — **Къæбойтæй**, фылдæр æй зыдтой фæсномыгæй: Æга. Уыдис, дзуапп радтын, æмæ дзуапп райсын чи зыдта, ахæм адæймаг. Ирыстонæй цы бирæ фæсивæд ацыд немыцаг фашистты ныхмæ тохмæ, уыдонимæ уыдис **Хъасболат** дæр, фæлæ, Орелы горæты алыварс цы тугкалæн хæст бацайдагъ, уым дыууисæдзаздзыд хуымæллæггаг лæппу фесæфт æбæрæгæй...

Хъыгагæн, цыппар сидзæр сывæллонæй æрмæст дыууæ хойы рахъомыл сты: Зарæ æмæ Галя. Дыууæйæ дæр райстой уæлдæр ахуырад, каст фесты Цæгат Ирыстоны педагогон институт. Фæлæта ам дæр хъысмæт Галяйыл гадзрахатæй рацыд — æрыгонæй, 25-аздзыдæй йæ цардæй ахицæн. Зарæ баззад иунæгæй, фæлæ, æвæццæгæн, дунескæнæг загъта, — æгъгъæд йæ зындзинæдтæн.

Цæвиттон, йæ райгуырæн хъæууон скъоламæ æрыздæхт кусынмæ. Хорз коллективы 'хсæн райдыдта йæ куысты фыццаг къахдзæфтæ. Куыд фæзæгъынц, адæймаг куы райгуыры, уæд йæ ныхыл фыст вæййы йæ царды фæндаг. 1954 азы Зарæ йæ цард баиу кодта йе 'мкусæг хæтæлдойнаг лæппу **Кцойты Агуыбеимæ**.



**КЦОЙТЫ Агуыбе**



**КЪÆБОЙТЫ Зарæ**

Афтæ куы зæгъон, хуыздæр арфæтæ сын чи ракодта сæ чындзæхсæвы, уыдон сыл æрцыдысты, зæгъгæ, уæд раст уыдзæн. Царды бирæ фæзилæнтæ ис, æмæ дыууæ уды кæрæдзи куы 'мбарой, кæрæдзийæн аргъ куы кæной, уæд уый у сæйрагдæр амонд.

Ноджы ма иу фиппаинаг: сылгоймаг уæззау æмæ сабыр зондыл хæст куы уа, æрмæст йæхи уды къоппайыл хъуыдыгæнæг куы нæ уа, уæд бинонты цард фидар кæны.

1961 азы Агуыбемæ фæдзырдтой Хъæууонхæдзарадон институтмæ физикæйы ахуыргæнæгæй кусынмæ. Фæстæдæр Зарæ дæр уым райдыдта кусын фæсауyонмæ ахуыры хайады методистæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон кæм уыдаид æрыгон бинонтæн кæйдæр къуымты цæрын, кадавар мыздыл кусын, фæлæ æвзонгад уарзондзинадимæ æмдых куы уой, уæд иумæйаг цард уæлахиз кæны.

Бонтæ цыдысты æмæ Агуыбе йæ зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнынæн ахуырмæ бацыд Мæскуыйы Патрис Лумумбæйы номыл университеты аспирантурæмæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис цыппар азы фæстæ. Ирон ахуыргонд бахъахъхъæдта диссертаци физикæйæ. Æвдайæм азты йæм фæдзырдтой республикæйы уæлдæр хицауад æмæ йын йæ бар бакодтой медицинон институты физикæйы кафедрæ. Уыцы бынаты æнаипп куыст фæкодта пенсимæ рацæуыны онг.

Кцойты бинонтæн рацыд æртæ тæхудиаг кæстæры: дыууæ чызджы — **Светланæ** æмæ **Алинæ**, стæй лæппу **Валери**. Чызджытæ дыууæйæ дæр райстой дохтыры дæсныйад, лæппу та хъæууонхæдзарадон институт каст фæцис. Ис сын фæзминаг кæстæртæ. Иууылдæр фæллой кæнынц. Светланæ ссис медицинон наукæты кандидат, у Хъæстуаты бинонты фæрнджын æфсин.

Æрдз сылгоймаджы цы рæсугъд миниуджытæй сфæлыста, уыдонæй иуæй дæр нæ фæиппæрд Зарæ. Сатанайау — бæркадкъух, адæмуарзаг æмæ уæздан Зарæ йæ удвæллойæ кæмæн нæ балæггад кодта йæ уарзон адæмæй, хæстæджытæй æмæ сыхбæстæй, ахæм бирæ нæй.

Уымæй уæлдай ма ахуыргæнæджы куыст дæр кодта. Æвдæс азы дæргъы лæвæрдта уырыссаг æвзаджы уроктæ æххуысгæнæн скъола-интернаты ахуыргæнинæгтæн. Абон Агуыбе не 'хсæн нал ис, фæлæ Зарæ йæ буц бинонты фарн фæцудын нæ бауагъта.

Зарæ, дæ дзæбæх кæстæртæ дæхи фæндиаг уæнт æмæ Агуыбеимæ цы рæсугъд цард фæкодтат, уый та фæзминаг уæд, кæй уарзыс, уыдонæн!

**ГУТНАТЫ Аллæ, æхсæнадон уацхæссæг**

Социалон фондæй

## Ныййарæджы капиталы хардзæй

**Сывæллонджын бинонтæн æххуысы паддзахадон программæ архайын цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад фыццаг æмæ дыккаг сывæллæттæн ныййарæджы капиталы фæдыл радта 71,6 мин сертификатæй фылдæр.**

Сертификатты хицæутты 62 процентæй фылдæр паддзахадæй сын æрвыст фæрæзтæй ныридæгæн спайда кодтой. Æппæт Уæрæсейы куыд у, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр адæм ныййарæджы капиталы фæрæзтæ раздæрау арæхдæр бахардз кæнынц цæрæнуаты уавæртæ фæнывыл кæныны хъуыддагыл (уыимæ, æфстæуттæ райсгæйæ дæр). Ныййарæджы капиталы фæрцы 41 мин бинонтæй фылдæр сæ "фатерон фарста" алыг кодтой. Ацы адæмæй 16,3 мин бинонтæ ныййарæджы капиталæй цæрæнуатон æфстæуттæ æххæстæй (кæнæ та сын сæ хай) бафыстой. Ноджыдæр ма 24,6 мин бинонтæ, æфстæуттæ нæ исгæйæ, стæй ныййарæджы капиталы фæрæзтæ цæрæнуат балхæныныл, аразыныл, кæнæ йæ рацаразыныл бахардз кæнгæйæ, сæ цæрæнуатон уавæртæ фæнывыл кодтой. Амынд къабазы фиддонты иумæйаг бæрц рауад 16,8 миллиард сомæй фылдæр.

Раздæр куыд уыд, афтæ нyр дæр ныййарæджы капиталы хæрдзты бæрцæй дыккаг бынат ахсынц ахуырадыл хæрдзтæ. Ныййарæджы капиталы сертификатты 3,4 мин цæгатирыстойнаг хицауы капиталы фæрæзтæ бахардз кодтой сæ цоты ахуырадыл. Ацы хъуыддагыл бахардзчындæуыд 253,1 милуан сомы.

Чысыл æфтиæгтимæ бинонтæн æрвылмæйон фиддонтæ дæр дарддæр фидынц: 2018 азæй нырмæ 1,9 мин цæгатирыстойнаг бинонтæ ныййарæджы капиталæй сын æрвылмæйон фиддонтæ бафидыны фæдыл куырдиæттæ барвыстой. Амынд бинонтæн фыст фæрæзты иумæйаг бæрц рауад 169,7 милуан сомæй фылдæр. Ацы аз амынд фиддоны бæрц у мæймæ 12818 сомы.



Уымæй уæлдай, Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады регистраци скодтой æхсæнадыл сахъат сывæллæтты сахуыр кæнынæн дихгонд товартæ æмæ лæггæдтæ сын балхæнынæн фæрæзты хай барвитынæн сертификатты хицæуттæй 428 мин сомы бæрц æрбафтæг 8 куырдиаты, стæй ныййарæджы æмбырдгæнæн пенсийы хыгъдмæ 581,4 мин сомы бæрц æрбафтæг 13 куырдиаты.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ныртæккæ ныййарæджы капиталы сертификатты хицæуттæм ис, Социалон фонды кæнæ бирæкъабазджын центрты клиентон службæтæм комкоммæ уагæй нæ бацæугæйæ, капиталы фæрæзтæй спайда кæныны бар. Афтæ бакæнынæн электронон куырдиат барвитын фаг у. Куырдиат барвитæн ис Социалон фонды сайты **"хи кабинет"**-ы, кæнæ паддзахадон лæггæдты порталы фæрцы, бæрæггæнæнтæ куырдиаты æвæрыны рæстæг къæпхæнгай хъæугæ хабæрттæ амонгæйæ. Адæймагæн ис, хæдзарæй нæ рацæугæйæ, электронон лæггæдты æххуысæй ныййарæджы капиталы фæрæзтæй сывæллонæн æрвылмæйон фиддоны гæххæттытæ саразыны бар дæр (ацы хъуыддаг æххæст кæныны рæстæг бæстæйы Социалон фонд æфтиæгты тыххæй хабæрттæ бацагуры хæдбарæй информацион системæтæй ведомствæты æмгуыстады фæткмæ гæсгæ).

Ныййарæджы капиталы программæ архайы 2026 азы 31 декабры онг. Сертификаты фæрæзтæй спайда кæнæн ис цыфæнды афон.

**Уæрæсейы Социалон фонды регионалон контакт-центр: 8-800-600-03-71 (9 сахатæй 18 сахаты онг, майрæмбоны — 9 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг).**

**КЪНАТТАТЫ Маринæ**

Туризм

## Экскурсиамонджыты аттестаци

**Дзæуджыхъæуы ацæуæг экскурсиамонджыты дыккаг аттестацийы архайдтой 15 адæймаджы.**



Ацы хабар фехъусын кодта паддзахадон телерадиокомпани "Аланыстон".

Аттестаци хъæуы амынд къабазы лæггæдты хæрзхъæддзинад фæуæлдæр кæнынæн æмæ экскурсиамонджыты архайд закъонон уагæй æххæст кæнынæн. Фæлвæрæн арæзт у дыууæ хайæ. Экскурсиамонæг суæвын кæй фæнды, уыцы адæмы хæс у раздæр республикæйы зæрдыл дарæн бынæттæ зоныны фæдыл фæлварæн радтын. Фæстæдæр фæлварæндæтджытимæ ныхас кæнынц. Аттестацион къамисмæ хауынц Цæгат Ирыстоны Туризмы комитеты минæвæрттæ, стæй историктæ æмæ географтæ.

Ацы хатт 13 адæймаджы аттестаци ацыдысты.

**Нæ уацхæссæг**

Юбилей

# “Мæ фынты цæрын наукæйы горæты...”

**14 февралы 70 азы сæххæст Уæрæсейы наукæйы сгуыхт архайæг, Уæрæсейы наукæты академийы регионалон хайæдты æмæ центрты Советы уæнг Къусраты Анатолийыл. 33-аздзыдæй уый сси физикон-математикон наукæты доктор æмæ уæдæй фæстæмæ йæ 300 наукон куыстæй фылдæрæн стыр кад ис нæ бæстæйы æмæ фæсарæнты. Ахуыргонд, педагог, разамонæг, æхсæнадон архайæг абон нæ кæсджытæн дзуры, йæ уарзон математикæ ”сылгоймаг-лæггадгæнæгæй куыд схызт сылгоймаг-паддзахы онг”, математикон мегаполисы тыххæй, мадæлон æвзаджы хуызы сыгъдæг уæлдæфы иухъуыртты æмæ æнæраст бизнесы тыххæй, кæцы нын амоны Паддзахады рæзты уавæртæ (растдæр зæгъгæйæ, æнæрæзты) æмæ ма ноджы бæллиц æмæ адæймаджы хуымæтæджы амонды тыххæй.**

**— Анатоли, айс нын нæ зæрдиаг арфæтæ дæ 70 азы юбилейы фæдыл! Æнæниздзинад æмæ дын наукон архайды ног æнтыстытæ нæ цæст уарзы! Æмæ уæдæ цæмæй райдыдта наукæмæ дæ фæндаг?**

— Стыр бузныг уын! Скъоладзау ма куы уыдтæн, уæд бирæ уарзтон математикæ. Абон дæр бузныг дæн Хуссар Ирыстоны Цхинвалы районы Громы хъæуы ахуыргæнджытæй. Кокойты Захары фырт Илья уыд тынг домаг ахуыргæнæг æмæ парахат зæрдæйы хицау адæймаг. Йæ ахуырдзауты чысыл æнтыстдзинæдтыл дæр сывæллонау цин кодта. Кæнæ физик Любовь Дегтярова. Æнцон æвзагæй нын амыдта æхсæнадзонынад. Скъолайы директор Уалыты Дмитри. Абон дæр ын нæ рох кæнын йæ ныхæстæ: "Фейербахмæ уыд материализм, Гегелмæ — диалектикæ, англисаг социалисттæм — социалон утопи. Карл Маркс сæ иууылдæр баиу кодта, æмæ дзы рауад диалектикон материализм". Мæ биографийы сæйрагдæр адæймаг сси физикон-математикон наукæты доктор, профессор Гуыдиаты Амырхан. Уый Советон Цæдисы Наукæты академийы сыбыры хайады математикæйы институтæй Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд æз ахуыр кодтон ЦИПУ-йы физикон-математикон факультеты дыккæгæм курсы. Уый мæ арвыста Новосибирскмæ ахуыр кæнынмæ. Уым фæцардтæн æмæ фæкуыстон 20 азы. Æз хорз фæлтæрддзинад райстон дунейыл зындгонд наукон центры. Хъуыстгонд академиктæ Юрий Реметнякы, Сергей Соболевы лекцитæм тынг зæрдиагæй хъуыстон. Мæ ахуыргæнæг-хъомылгæнæг уыд профессор Глеб Акилов. Уыдон æмæ сæ хъуыддаджы æндæр профессионалты фæрцы мæ наукон иртасæнтæн сæ бындур уыдысты Нобелы премийы лауреат, академик Кантаровичы бакуыстытæ функционалон иртасынады. Æнæуый та алцыдæр бинонтæй цæуы. Æз уыдтæн амондджын сывæллон, æмæ мæ уый дæр разæнгард кодта ахуырмæ.

**— Наукæйы дын саразын цы бантыст, уымæй разы дæ?**

— Кæй зæгъын æй хъæуы, Колмогоровы, Кантаровичы бæрзæндтæм не схызтæн, фæлæ цыдæр æнтыстдзинæдтæ мæ къухы бафтыд. Январы кæрон Тунисы уыд стыр наукон конференци. Мæн фæхуыдтой гомгæнæн лекци бакæсынмæ (онлайн форматы), кæронбæттæн бон та сарæзтой сесси мæ юбилейы кадæн. Бæргæбоны мадзæлттæ ацыдысты Узбекистаны дæр. Уыцы бæстæтæй фæстæмæ мæ ахуырдзаутæ æнтыстджынæй кусынц АИШ-ы, Израилы, Турчы, Уæрæсейы алы регионты. 20 адæймаджы мæ разамындæй бахъахъхъæдтой кандидатон, æртæйæ та — докторон диссертацитæ.

**— Ды загътай, математикон функционалон иртасынады къабазы кусын. Фæлæ, цы у, уый ма нын цыбырæй бамбарын кæн.**

— Математикæ у ахæм æвзаг, кæцыйыл дзурæн ис, æхсæнады цы цæуы, ууыл. Æнæуый æвзагæй махæн нæ бон зæгъын у: "Тæвд кæнæ уазал". Фæлæ цас, уый базоныны тыххæй та æндæр æвзаг хъæуы. Æрдзы ахæм фæзындтытæ бамбарын кæныны тыххæй хъæуы банымайын, кæрæдзиуыл абарын... Уый та физикты, химикты, биологты, экономистты, техникты архайдмæ хауы. Уыцы архайды бындуры ис математикæ, кæцы сын хæссы ног æвзаджы фæрæзтæ, терминтæ æмбарынадтæ дардæмгъуыдмæ. Хаттæй-хатт математикты бакуыстытæм æнхъæлмæ кæсын бахъæуы дæсгай азтæ, фæлæ стæй вæййынц æнæмæнгхъæугæ. Математикæ у егъау мегаполис йæ центр æмæ кæрæттимæ. Мегаполис рæстæгæйрæстæгмæ ивы. Афтæ математикæ дæр. Уыцы ногдзинæдтæ сты функционалон иртасынад Канторовичмæ гæсгæ, æз та дæн йæ фæдон.

**— Æнусы цыппæрæм хайæ фылдæр ды разамынд лæвæрдтай Ирыстоны академион наукæйæн. Цæгат Ирыстоны Хицауады сконды æнтыстджынæй куыстай наукон-техникон политикæйы фарстатыл. Уыцы азты, зæгъæм, арæзт æрцыдысты программæтæ наукæ, техникæ æмæ информацион технологиты къабазы. Уыдон сæ ахсджиагдзинад нæ фесæфтой абон дæр. Уый фæстæ ды сдæ Хуссар Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр, уыцы-иу рæстæг уыдтæ Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры сæрдар дæр. Уыцы рæстæгмæ арæзт æрцыдысты наукон-ахуырадон комплекс æмæ нормативон-барадон бындур æмæ инновацион рæзты концепци. Уæд 50 азы фыццаг хатт Цхинвалы куыста Уæрæсейы наукæты академийы комплексон геологи-геофизикон экспедици. Сæ ног бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Хуссар Ирыстоны фæуæрæхдæр минералон-хомаджы бындур. Раздæр дæ разамындæй ЦИПУ-йы математикон иртасынады кафедрæйы ныффидар кодтой ног специализацитæ — математикон экономикæ æмæ математикон экологи. Фæнды нæ базонын, алывæрсыг разамынддæттæн архайдимæ ма куыд кодтай наукон куыст?**

Къусраты Анатолийыл сæххæст 70 азы



— Чиновникы куысты вазыгджынæй ницы ис, æппындæр мын зын нæ уыд (худы). Æцæгæй дзургæйæ та ис ахæм фидар фæтк — спортсмен йæ график, режимæй куы фæхауы, уæд йæ буар дæр, ныллæмæгъ вæййы, æмæ уæд ног æнтыстдзинæдтыл ныхас нал фæцæуы. Афтæ у адæймаджы сæр дæр нейтралон хызæгтæ ахуыссынц, æдзух сæ куы нæ пайда кæнай, уæд. Сæрымагъз дæр фæлтæрын хъæуы. Уымæ гæсгæ æдзухдæр куыстон, алцæмæн дæр-иу рæстæг ссардтон.



КЪУСРАТЫ Анатоли “Рæстдзинад”-ы кусджытимæ

”

*Амонд уый у, æмæ куы зонай дæ царды алы бонæн дæр аргъ кæнын, куы тырнай дæ алыварс адæмæн исты хорздзинад ракæнынмæ. Æз мæхæдæг амондджын сабидуджы цардтæн, стæй мын уыдис фадат алы хъуыддаджы дæр мæхи равдисынæн. Хъысмæтæй амондджын дæн, зындгонд адæймæгтимæ кæй æмбæлдтæн, царды мæ ахуыргæнджытæ суæвгæйæ. Мæнæн зынаргъ цы у, уыдон мæ кæстæрты дæр хъæуынц. Уымæй фылдæр мæ ницы хъæуы.*

“

**— Дæ царды сæйрагдæр хъуыддаг уæддæр у Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуккаг наукон центр. Йæ саразыны суадæттæ кæцæй цæуынц — хъыгагæн, республикæйы уавæртæ нæ разынд ахæм наукон артдзæст саразынæн, кæд ахæм уынаффæ Хицауады 'рдыгæй хаст æрцыд, уæддæр.**

— Уый рагон истори у, фæлæ 1991 азы æз Ирыстонмæ куы ‘рцыдтæн, уæд Советон Цæдис фехæлд, æмæ регионты наукæ разæмæ кæнынæн гæнæнтæ нæ уыд. РЦИ-Аланийы уæды Президент Галазты Æхсарбег мæм фæдзырдта, ЦИПУ-йы ректор ма куы уыд, уæд. Уымæ ныффыстон писмо Республикон паддзахадон наукон центр саразыны хъæппæрисимæ. Йæ ныхасæн хицау разынд. Уайтагъд загъта: "Сараздзыстæм", æмæ 1994 азы рауагъта Указ. Хъæппæрисæй æфхæрæн ис — мæнæн та разамонæджы бынат лæвæрдта. Æз уый æнхъæл нæ уыдтæн — хуымæтæджы кабинетон ахуыргонд, æмæ... Фæлæ уый загъта: "Баххуыс кæндзыстæм, дæ фарс рахæцдзыстæм". Æмæ йæхицæй бузныг уыд: "Кæд, Президент уæвгæйæ, æндæр ницыуал саразон, уæддæр, дзæгъæлы кæй нæ куыстон, афтæ йæ нымайдзынæн!"

Уæрæсейы наукæты академийы системæмæ бацæуын та æндæр хъуыддаг уыд. Уым мын баххуыс кодта Дзасохты Алыксандр. Советон Цæдисы Сæйраг Советы уæнг уæвгæйæ, ахуыргæндтæн æххуыс кодта, Наукæты академийы та йын аргъ кодтой. Уæрæсейы Наукæты академийы регионалон наукæйæн разамынд лæвæрдта вице-президент, геологон-минералогон наукæты доктор, профессор Николай Лаверов. Дзасохы-фырты куырдиатмæ гæсгæ мах фембæлдыстæм Уæрæсейы наукæты академийы президент, физикон-математикон наукæты доктор, профессор Юрий Осиповимæ. Уыцы фембæлды алцыдæр лыггонд æрцыд. Уыцы организацимæ нæ бацæугæйæ, наукæйæн республикæйы рæзæн нæ уыд. Уыцы рæстæджы Дагестан æмæ Кæсæг-Балхъары академион наукон центртæ æрмæст арæзт не 'рцыдысты, фæлæ ма кусгæ дæр кодтой.

**— Ныртæккæ ды дæ центры наукон разамонæг. Цы у сæйрагдæр дæ куысты?**

— Цавæрфæнды институты æмæ университеты дæр ис дирекци æмæ ахуыргæндты совет. Уæлдæр ахуыргæнæндон у вазыгджын организаци æмæ дзы хъæуы æххæстбартæ дих кæнын. Хæдзарадон, организацион, кадрон æмæ финансон фарстатæ — уый у администрацийы хæс. Совет та хъуамæ лыг кæна стратегион фарстатæ, кæцытæ баст сты ахуырадон æмæ наукон куыстимæ. Мах уагдоны та наукон кусæг у ахуыргæндты советы сæрдар, советы центры директор — йæ хæдивæг. Директор Цыбырты Алексеимæ кæрæдзи хорз æмбарæм, иумæ кусæм, нæ размæ цы нысантæ сæвæрæм, уыдоныл.

Ныр та сæйрагдæр æмæ фæрсагдæры тыххæй... Нæ зындгонд ахуыргонд — ракетодинамик Токаты Гогки XX æнусы 70-æм азты уыд Великобританийы стыр ахуырадон реформæйы активондæр архайджытæй иу. Æмæ цавæрдæр кæронбæттæн æмбырды йæ раныхасы загъта: "Университетæн цæсгом кæнынц профессурæйы 3-5 проценты. Уыдоны фæрцы университет хæссы университеты ном. Æмæ алы ректор дæр, отставкæйы ацæугæйæ, хъуамæ зæгъа: "Мæнæ мæ 5 проценты. Университет хорзæй уадзын". Афтæ куы нæ уа, уæд уæлдæр ахуыргæнæндон фæстæмæ къахдзæф акодта". Афтæ кæсын æз дæр, республикæйы наукæмæ исты бавæрæн хæсгæйæ.

**— "Математикæ — наукæты сылгоймаг-паддзах", — дзурынц иутæ". Математикæ — æппæт наукæты лæггадгæнæг сылгоймаг", — фæзæгъынц иннætæ. Дæ хъуыдымæ гæсгæ, иууыл объективондæр у дыккаг, æвæццæгæн, дæуæн къаддæр æхцон, верси. Афтæ уайы, æмæ математикæ нысан нæу, фæлæ инструмент, æххæст кæны прикладной функцитæ иннæ æрдзон наукætæн.**

— О, сылгоймаг-лæггадгæнæг. Фæлæ сылгоймаг-паддзах дæр математик кæйфæнды æххуысгæнæг уæд — физикы, химикы, фæлæ сæйрагдæр уый у, æмæ пайда хæссы æхсæнадæн æмæ хицæн адæймагæн: уымæй уæлдай, математикæ, куыд æвзаг, афтæ адæмæн лæггад кæны æдзухдæр, æмæ ам сылгоймаг-паддзах у, мæнæ мах иууылдæр кæрæдзийы æмбарæм, зонæм нæ фыдæлты истори, æгъдæуттæ æмæ традицитæ мадæлон æвзаджы фæрцы. Ома, æвзаг лæггад кæны махæн, фæлæ уыцы-иу рæстæг кæны армдарæн дæр, уымæн æмæ æнæ уый наци нæ уаиккам. Æндæр хъуыддаг, хъæуы уавæртæ саразын уыцы ахъазгæнæг функцийæн сылгоймаг-лæггадгæнæг æмæ сылгоймаг-паддзах"-æн. Мегаполисы развæлгъау рæзт цæуы центрæй кæрæттæм, фæтк æмæ рæзт куы нæ уа центры, уæд бампылдзæн "кæрон" дæр. Уымæ гæсгæ æмбарын хъæуы ахуыргæндтæ-математикты, фыццаг бакастæй, арæх иртасæн куыст чи кæны, кæцытæн царды æцæгдзинадимæ иумæйагæй ницы ис. Уыдон амынд развæлгъау куыст кæнынц.

**— Ды иронау сæрибарæй æрмæст дзургæ нæ кæныс, фæлæ дзы дæ бон у наукон æмбырд дæр скæнын. Ноджы ма ссæдз азы цардтæ Ирыстонæй дард ран, иронау кæимæ хъуамæ дзырдтаис, йæ "рецепт" цы у зонындзинæдты ахæм ныффидарæн?**

— Æз райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн ирон бинонты 'хсæн. Мæ фыд уыдис уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Мæ мад скъолайы лæвæрдта куыстадон ахуыр æмæ хæдзары хъуыддæгты уроктæ, мæ фыдыхо куыста библиотекæйы, æмæ нæм хæдзары æдзухдæр уыд алыхуызон литературæ мадæлон æвзагыл. Æз цымыдисæй кастæн Нарты кадджытæ, ирон аргъæуттæ, адæмон сфæлдыстады æндæр хæзнатæ. Мæ сæрд-иу арвыстон зындгонд ирон фыссæг (мæ мады æфсымæр) Букылты Алыксийы хæдзары. Уыдис сæм литературон журнал "Фидиуæг"-ы æвæрæнтæ. Уым агуырдтон нæ литературæйы классикты романтæ. Мыхуыр сæ кодтой журналы цалдæр номыры. Æмæ-иу исты номыр куы нæ ссардтон, уæд-иу мæхимидæг тыхстæн. Мæ радзырдтæ дæр мын дзы фæстæдæр ныммыхуыр кодтой. Мæ сабидугæй мæ зæрдыл бадардтон нарты ерыстæ, уæлдай аккагдæр лæппу-иу дзы куыд æвзæрстой, йæ гуыбыныл хæцын куыд зоны, йæ хъæбатырдзинадæй тохы æмæ сылгоймагæн аргъ кæнын куыд зоны, уымæй. Æвæццæгæн, уæд æмбарын байдыдтон, адæймагæн аргъ кæнын кæй хъæуы йæ намыс, бæрндзинад æмæ профессионализммæ гæсгæ, алцæмæ пайдайы цæстæй кæсын та хорз миниуæг кæй нæу...

**— Ома, æвзаг зонын æмæ уымæ уарзондзинад, фыццаджыдæр, цæуынц бинонтæй?**

— Мæ хъуыдымæ гæсгæ, о. Фæлæ мæн тыхсын кæны æндæр хъуыддаг. Телеуынынад æмæ радиойы раныхас кæнгæйæ мын бирæтæ фæдзурынц: "Иронау куыд хорз дзырдтай!" Фæлæ никуы ничи загъта, цæуыл дзырдтон, уый тыххæй. Афтæ никуы загътой, дæ уыцы ныхæстимæ разы дæн, мæнæ уыдонимæ та — нæ, мæнæ ма ам та демæ абыцæу кæнын хъæуы, зæгъгæ. Уый тынг æвзæр у. Æфхæрæн ныхасмæ йæ мачи бамбарæд, фæлæ дзырды дæсныйтæ арæх афтæ хъуыды кæнынц, æвзаг у адæмы хъæздыгдзинад, æнæ уый — никуыдæм, фæлæ нæ дзурынц йæ гуырахст æмæ мидисыл. Мах дзурæм нæ мадæлон æвзагыл, фæлæ йыл цæуыл дзурæм? Нæ цæстыты раз цæуынц, историон цаутæ, уыдоныл нæ бон иронау дзурын у æви нæу?! Хæдзары кæрæдзиимæ дзурын иу æмвæзад у, фæлæ æвзаджы рæзтæн уый æгъгъæд нæу.

**— Анатоли, советон рæстæджы наукæйы уыд бирæ романтиктæ. Ахуыргæндты нымадтой, аргъ сын кодтой. Ныртæккæ наукæмæ арæх фау хæссынц, советон дуджы хорздзинæдтæй кæй цæры æмæ йын ног æнтыстытæ кæй нæй, уый тыххæй. Уымæй уæлдай, адæмы 'хсæн ис ахæм хъуыды дæр, æмæ йæ кæрон æрхæццæ. Уый афтæ у, æцæгдæр?**

— Наукæ цæры, ис ахсджиаг иртасæн куыстытæ æмæ æнтыстдзинæдтæ. Фæлæ рæстдзинад уый мидæг ис, æмæ, советон ивгъуыдимæ абаргæйæ, тынг æмбылды кæны. Æмæ йæ аххосаг, цæмæй райдыдтай, уым ис. Бæллицтæй цæрын хъæуы! Æнæ бæллыны курдиат наукæйæн уæвæн нæй! Адæймаг зæххон цардæй хъуамæ иучысыл фæхицæн уа. Хъыгагæн, уый абон цæстытыл ауайын кæнæн дæр нæй. Сывæллон æрмæст цы бахæра, цы бадара, йæ материалон цардыл куы хъуыды кæна, уæд истæмæ бæллынæл куыд хъуамæ сахуыр уа?! Ныхас ам ууыл цæуы, æмæ наукæмæ ахастдзинад ивын хъæуы. Советты бæстæ æнцой кодта ахуыргæнджытыл, дохтыртыл, инженертыл, æфсæддон службæгæнджытыл, Ног Уæрæсейы та 1991 азы хицаудзинадмæ æрцыдысты æмæ хицæуттæ систы бынтон æндæр адæймæгтæ. Уыдоны стыр бизнес йеддæмæ ницы хъæуы. Фæлæ паддзахады ахуыргæнæг, дохтыр фæсдуар куы уой, уæд размæцыдæн уæвæн нæй.

**— Статистикæмæ гæсгæ, Ног Уæрæсейы бизнесментæн сæ фылдæр рацыдысты математикты 'хсæнæй, ды та бизнесы ныхмæ дзурыс?..**

— Æмæ та ногæй математикæ фæци ахсоджын (худы). Æз бизнесы ныхмæ нæ дæн. Æрмæстдæр мæ зæгъын фæнды, æмæ æхсæнады алцыдæр хъуамæ йæхи бынаты уа. 90-æм азты нæ паддзахад куы фехæлд, уæд фæфæлдæхт нæ дунембарынад дæр, æмæ уый тыххæй фæзындысты мæнг "фæлхасадон" нысантæ. уыдон та халынц зонд, фæстагмæ та адæймаджы æнæхъæнæй.

**— Нæ зæрдæ дардзыстæм хуыздæрæрдæм ивддзинæдтыл, уæлдайдæр историон æнкъуыстытыл дунеарæзтады, Уæрæсейы Паддзахадон политикæйы. Фæлæ ма нæ ноджы бафæрсын фæнды, мæнæ цæй тыххæй. Дæ кæстæр æфсымæр дæр у зындгонд ахуыргонд физикон наукæйы къабазы. Уыцы гентæ кæцæй райстат?**

— Хъуыддаг генты мидæг нæй, фæлæ Хуссар Ирыстоны скъолайы математикæ æмæ физикæ лæвæрдтой бæрзонд æмвæзадыл. Фыццаг курсы студенттæ уæвгæйæ, махæн уыдис скъолайæ ахæм бындур, æмæ ерыстæ саразын нæ бон уыдис. Фихтенгольцы "Математикон иртасынад"-ы æртæ томæй-иу иу æнæкæсгæйæ байгом кодтам æмæ-иу ерысæй арæзтам, цы хынцинаг нæм бахауд, уый. Теоремæ дæр афтæ.

Ме 'фсымæр, физикон-математикон наукæты доктор Къусраты Юри бирæ азты кусы Бетъырбухы академик Иоффейы номыл физикон-техникон институты. Уыцы рагон уæлдæр ахуыргæнæндоны разамынд дæтты, цы фондз хайады дзы ис, уыдонæй иуы — хъæбæр буаргъæды физикон хайадæн. Кусы нано-структурæтыл. Хорзæхджын æрцыд физикты 'хсæн бæрзонд хæрзиуджытæй — Френкел æмæ Иоффейы премитæй, Гроссы номыл майданæй.

**— Ды загътай, наукæйы æнæ бæллицæй ницы саразæн ис. Æмæ нын дæ бæллиц раргом кæн. Зæгъæм, исчи цæттæ у уæ профессионалон архайды уын иу фæндон сæххæст кæнынмæ, уæд дзы цы ракурис?**

— Сыгъзæрин кæсаджы аргъауы куыд у, афтæ? Æз ын зæгъин, цæмæй мын баххуыс кæна Дзæуджыхъæуы наукон центрæй æххæст академион горæт саразыны тыххæй. Йæ рæстæджы махмæ æрбаиу кодтой Михайловскы Хохрæбын хъæууон хæдзарады институт. Уыдис тынг æвзæр уавæры. Федералон центры æххуысæй йæ мах сцалцæг кодтам. Наукæйы горæт райтынг кæнынæн æппæт уавæртæ дæр ис. Ирыстон æдзухдæр уыд ахуырад æмæ наукæйы центр, æмæ мах уыцы статус бафидар кæниккам. Мах хъæуы æрмæстдæр — республикæйы æмæ районты разамындæй æхсæнады онг — бавналын ахæм горæт аразынмæ.

**— Цы у хуымæтæг адæймаджы амонд ахуыргонд, æмæ стыр æнгом бинонты хистæр Къусраты Анатолийы æмбарынадмæ гæсгæ?**

— Амонд уый у, æмæ куы зонай дæ царды алы бонæн дæр аргъ кæнын, куы тырнай дæ алыварс адæмæн исты хорздзинад ракæнынмæ. Æз мæхæдæг амондджын сабидуджы цардтæн, стæй мын уыдис фадат алы хъуыддаджы дæр мæхи равдисынæн. Хъысмæтæй амондджын дæн, зындгонд адæймæгтимæ кæй æмбæлдтæн, царды мæ ахуыргæнджытæ суæвгæйæ. Мæнæн зынаргъ цы у, уыдон мæ кæстæрты дæр хъæуынц. Уымæй фылдæр мæ ницы хъæуы.

**Ныхас ныффыстой**
**ТЪЕХТЫ Тамерлан æмæ**
**ХОЗИТЫ Барис**

## Спортивон фидиуæг



### Лæдзæг ивазæнтæ

# Сбæрæг сты уæлахиздзаутæ

**Дзæуджыхъæуы Цоколаты Геннадийы уынджы цы Спортивон-цæттæгæнæн центр ис, уым цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ лæдзæг ивазæнтæй (мас-рестлингæй).**

200 лæппу æмæ чызджы ерыс кодтой цыппар кары.

Æппæты кæстæр спортсменты 'хсæн (12-13 азы онг) Ирыстоны 1-аг бынат бацахсынил чи тох кодта, уыдонæй уæлахиздзаутæ систы: **Рæмонты Хетæг, Токты Арсен, Арсен Хаджумаров, Тегаты Батрадз, Тедеты Тамерлан**.

14-15-аздзыд чызджыты ерысты 1-аг бынæттæм рацыдысты: **Хъамæрзаты Дилярæ, Сохиты Миланæ, Данæ Ягодкина, Годжыцаты Каринæ**. Ацы кары лæппуты 'хсæн фæуæлахиз сты: **Зайнудин Джантемиров, Гуызыттаты Барис, Михаил Авазнели, Чертхъоты Алан, Тимофей Фараджев.**

15-16-аздзыд чызджытæ цы цыппар уæзы ерыс кодтой, уым 1-аг бынæттæм рацыдысты: **Галазты Русланæ, Гергиты Даринæ, Дзуццаты Аделинæ** æмæ **Теблойты Данæ**. Лæппутæй та ам тыхджындæртæ разындысты: **Гæбуты Валери, Хозиты Альберт, Зассеты Сослан, Уаниты Георги** æмæ **Танделаты Давид.**

Фæсивæды (18-21-аздзыд) 'хсæн 1-аг бынæттæ рамбылдтой: **Челæхсаты Аслан, Дзуццаты Цæрай, Тыбылты Азæмæт, Авлохты Георги** æмæ **Хъантеты Хетæг.**

Хистæр спортсменты ерыстæ рауадысты уæлдай цымыдисагдæр. Сылгоймæгтæ цы цыппар уæзы ерыс кодтой, уым фæуæлахиз сты: **Бигъуылаты Зарæ, Зозырты Илонæ, Илонæ Шапка** æмæ **Къадзты Зитæ**, нæлгоймæгтæй та тыхджындæртæ разындысты: **Челæхсаты Аслан, Дзугкойты Алыксандр, Константин Лазовский, Тыбылты Азæмæт, Кокайты Олег, Дзадзайты Марат, Хъантеты Хетæг** æмæ **Хъæлыцты Арсен**.

Ерысты æппæты фылдæр хæрзиуджытæ рамбылдтой Алагиры районы спортсментæ. Уыдон архайдтой 31-æй æмæ сын бантыст 28 майданы рамбулын.

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ арæзт цæудзæн РЦИ-Аланийы иугонд командæ, æмæ уырдæм бахауæг спортсменты нæ тренертæ цæттæ кæндзысты Уæрæсейы чемпионатмæ.



### Уæззау атлетикæ

# Æнтыстджын рауад штангистты архайд

**Ивгъуыд къуыри Ирыстоны спортсментæ цы ерысты архайдтой, уыдонæн сæ бæрнондæртæй иутæ уæззау атлетикæйæ Уæрæсейы Кубок рамбулыныл цыдысты Грознайы. Ирыстоны уæззау атлетикæйы кад Грознайы хъахъхъæдтой æртæ чызджы æмæ дæс нæлгоймаг-спортсмены.**

Сылгоймæгты ерысты Ирыстоны минæвæрттæ уыдысты: **Гусалты Зæринæ, Челæхсаты Мæдинæ** æмæ **Соттиты Янæ**. Не 'ртæ чызджы дæр равдыстой бæрзонд цæттæдзинад. Нæ газеты айразмæйы номыры фыстам Гусалты Зæринæйы æнтыстджын архайды тыххæй. Уый, 71 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ, сæвæрдта Уæрæсейы ног рекорд (дыууæ хаттæн систа 234 кг (107+127) æмæ сси Уæрæсейы Кубок рамбулæг.

Зæринæйы бафæзмыдта Челæхсаты Мæдинæ дæр. 76 кг уæзы Мæдинæ йæ ныхмæлæуджытæй йæ разæй никæй ауагъта æмæ уый дæр сси Уæрæсейы Кубок рамбулæг. Мæдинæ дыууæ хаттæн систа 214 кг (90+124).

Сæрæн архайд кодта Соттиты Янæ дæр, 81 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ. Ацы ран нæ æрыгон спортсменкæйы сæйраг ныхмæлæууæг уыди дунейы чемпион Татьянæ Каширина. Янæ дыууæ хуызы иумæ равдыста 251 кг (114+137). Уый у хорз бæрæггæнæныл ныммад, фæлæ йæ фæлтæрдджын ныхмæлæууæг **Татьянæ Каширина** систа фылдæр æмæ бацахста 1-аг бынат.

Янæ ахæм ерысты 2-аг бынатмæ кæй рацыд, уый дæр у хорз æнтыстдзинад. Зæгъын хъæуы уый, æмæ нæ æртæ чызджы дæр сты фæсивæдон кары, æмæ æнæмæнг, се стырдæр æнтыстдзинæдтæ нырма разæй сты. Нæ сæрæн чызджытæ дыууæ сыгъзæрин æмæ иу æвзист хæрзиуæг кæй рамбылдтой, уый у арфæйы аккаг æнтыстдзинад.

Сæхицæй уæлдай арфæ кæнæм сæ бацæттæгæнæг тренертæ **Золойты Хъазыбег, Тогойты Æхсар, Дзгойты Олег** æмæ **Тасойты Æхсарæн**.

Нæлгоймæгты ерысты дæр ирыстойнаг штангисттæ æнæ хæрзиуæг нæ баззадысты.

Ирон штангисттæ ерыс кодтой 102 кг, 109 кг æмæ +109 кг онг уæзты.

102 кг онг уæзы **Наниты Руслан** æмæ **Аланы** хъомылгæнинаг **Хъесаты Георги**, кæд хæрзиуæгджын не сси, уæддæр раппæлинаг у йæ архайдæй. Георги уыцы-иу ист скодта 155 кг, йæ риуæй та сысхуыста 190 кг. Дывæрæй уый равдыста 345 кг, фæлæ фидæны уыцы уæзмæ зынгæ фылдæр кæй бафтаудзæн, уый дызæрдыггаг нæу.

Иттæг хорз рауад нæ штангистты архайд 109 кг онг уæзы. Ацы ран нæ лæппутæ **Наниты Тимур** (йæ тренертæ Наниты Руслан æмæ Алан) æмæ **Абайты Мурат** (йæ тренер **Акъоты Артур**) 1-аг бынат бацахсыныл ерыс кодтой дыууæйæ, уымæн æмæ сæ уæзы иннæ архайджытæ семæ тох кæнынмæ цæттæ нæ разындысты.

Тимур æмæ Мурат ерысты фыццаг хуызæй уыцы-иу ист скодтой æмхуызон уæз — 177 кг. Дыккаг хуызæй Наниты Тимур йæ риуæй сысхуыста 207 кг æмæ дыууæ хаттæн равдыста 384 кг. Абайты Муратæн бантыст дыккаг хуызы 202 кг сисын æмæ, дыууæ хуызы 379 кг сисгæйæ, бацахста 2-аг бынат. Афтæмæй 109 кг онг уæзы 1-аг æмæ 2-аг бынæттæ бацахстой Наниты Тимур æмæ Абайты Мурат.

Уæззау уæзы 3-аг бынат бацахсынмæ хæстæг уыд Наниты Арсен (йæ тренертæ Наниты Руслан æмæ Алан). Уый дыууæ хуызы систа 380 (175+205). Ацы уæзы зынгæ тыхджындæр уыди дунейы чемпион Алексей Ловчев. Уый дыууæ хуызы равдыста 430 кг (195+235).

Нæ штангисттæ ахæм бæрнон ерысты сæхи куыд равдыстой, уый тыххæй нæ республикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** зæгъы: "Ерысты архайдтой Уæрæсейы тыхджындæр штангисттæ. Уыдонимæ ерысты нæ фæсивæдæн æртæ сыгъзæрин æмæ дыууæ æвзист майданы рамбулын кæй бантыст, уый у хорз æнтыстдзинад. Хæрзиуæгджын чи сси, уыдонæй уæлдай нæ иннæ штангисттæ дæр сты раппæлинаг, уымæн æмæ сæ архайд уыди æмбæлгæ æмвæзады. **Наниты Арсен, Хъесаты Георги, Багаты Владимир, Кокайты Сослан, Годжыцаты Дмитри, Дзæгъойты Сослан** ахæм ерысты кæд призон бынæттæм нæ рацыдысты, уæддæр сын уымы архайд уыдзæн пайдайы хос. Раст хатдзæгтæ дзы куы скæной, уæд фидæны æвдисдзысты стырдæр бæрæггæнæнтæ. Стыр бузныг стæм нæ штангистты тренертæй æмæ сын зæрдиаг арфæ кæнæм сæ фесгуыхæг хъомылгæнинæгтимæ".

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Фестивал

# Алцы зонын дæр хорз у

**"Дуне æмæ наукæ" — ахæм цымыдисаг фестивал сарæзта Дзæуджыхъæуы скъолаты хистæр кълæсты ахуыргæнинæгтæн горæты ахуырады управлени. Уый уыди гуманитарон æмæ интеллектуалон зонындзинæдты диссаджы тох æрыгæтты 'хсæн. Архайдтой дзы æдæппæт цыппар скъолайы ахуыргæнинæгтæ. Уыдонæй алы къорд дæр ерыс кодта искæцы ахуырадон фарстайыл. Зæгъæм, 44-æм астæуккаг скъола æвдыста йæ зонындзинæдтæ математикæ æмæ физикæйæ. Фарстытæ уыдысты алыхуызон, хатгай зынгомау, фæлæ сын æрыгæттæ уæддæр дзуаппытæ ссардтой, æмæ уæд сæ цинæн кæрон нал уыди. Иу цыбыр ныхасæй, æппæтæй сæрæндæр, дæснындæрæй сæхи равдыстой горæты Промышленнон районы ахуырдзаутæ.**

**Цымыдиссаг ахуырадон-хъомыладон мадзалы архайдтой Дзæуджыхъæуы разамынды кусджытæ дæр.**



***Нæ уацхæссæг***

## Барадон фæтк

# Цæстфæлдахджытæн — цæлхдур

**Цæгат Ирыстоны сарæх сты телефонон цæстфæлдахæн митæ. Зæгъæм, "Роспотребнадзор"-ы цæгатирыстойнаг хайады разамонæг Тыбылты Аланы номæй санатори "Ирыстон"-мæ телефонæй фæдзурæг адæймаг бафæдзæхста сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн баххуыс кæнынæн æхца сын барвитын.**

— Мæ номæй фæдзурæг цæстфæлдахджытæ æхца сын барвитын бафæдзæхстой. Санатори "Ирыстон"-ы сæйраг дохтыр æмæ амалиуæггæнæг нæм телефонæй фæдзырдтой. Сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны тæлмы иуæй-иу хъуыддæгтæ саразынæн мах хъæуы æстай æхсæз мин сомы бæрц æхца, зæгъгæ, цæстфæлдахджытæ ахæм хабар фехъусын кодтой, — загъта нæ республикæйы сæйраг санитарон дохтыр Тыбылты Алан.

Хицауиуæггæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, цæстфæлдахджытæ æхца сын барвитынæн хыгъды номыр бацамонынц. Уымæй уæлдай, ахæм цаутæ цалдæр азы размæ дæр-иу æрцыдысты. Адæм цæстфæлдахджытыл хъуамæ ма 'ууæндой. Тыбылы-фырт амынд цауы фæдыл хъаст барвыста Цæгат Ирыстоны мидхъуыддæгты министр Андрей Сергеевмæ.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

## Æнæхицау цæрæгойтæ

# Къæбыла дæ нæ хъæуы?

**Дзæуджыхъæуы питомники кæй дарынц, уыцы куыйтæн дзы фæзынд 110 ног бынаты.**



Ветеринарон æмæ холлагцæттæгæнæн хайæдты сæвæрын хъæуы ифтонггæрзтæ. Ныртæккæ питомники ис 190 куыдзы. Стыр куыйтæ цæрынц хицæнтæй, иумæйагæй цæрæг чысыл куыйтæн та цæттæ кæнынц хицæн хъармгонд хайад. Цæттæгæнæн куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц.

— Карантинон хайад нæм кæй нæй, уый тыххæй нæ арæх фаудтой. Ныр ахæм хайад цæттæ кæнæм. Ардæм кæй æрбаласæм, уыцы ахст куыйты бамидæг кæндзыстæм карантинон хайады, æмæ сæм дæс боны дæргъы ветеринар йæ цæст дардзæн. Рынчын цæрæгойты сдзæбæх кæнæм æмæ сæ раивæм иумæйаг къордмæ. Ветеринарон хайад куы саразæм, уæд ын уыдзæн нырæй фылдæр куыйтæ æрдузыны фадат. Куыйтæ ахсыны æмæ сæ раздæры цæрæн бынатмæ рауадзыны куыст фæрæвдз уыдзæн. Кусджытæ нæм фаг ис, æхцайæ нæ æнæкъуылымпыйæ ифтонг кæнынц, хостæ афоныл балхæнæм. Нæ холлагцæттæгæнæн хайад кæй нæма скуыста, уый нымайгæйæ, нырма уал сур холлаг æлхæнæм, — зæгъы "Владпитомник"-ы директор **Дыдарты Æхсарбег**.

Разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, фарон адæм питомникæй райстой 70 куыдзы. Хатгай хæдзармæ ист цæрæгойты фæстæмæ питомникмæ æрбаздахынц, науæд та сæ уынгмæ ратæрынц.

**ФÆРНИАТЫ Константин,**
**авторы ист къам**

## Телеуынынад

# Ирон хойраджы тыххæй киноныв

**Уæрæсейы телеуынынады Фыццæгæм каналы проект "Повара на колесах" æххæст кæнгæйæ, æрæджы дæсны мæскуыйаг хæринаггæнджытæ Роман Редман æмæ Никитæ Сечин Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы бацæттæ кодтой хойраг æмæ дзы бынæттон адæмы суазæг кодтой.**

Роман Редман карчы дзидзайæ кæй бацæттæ кодта, уыцы бæзджын бас схуыдта "Мигъджын Ирыстон", Никитæ Сечин та хойраг "Ирыстоны лæвæрттæ" бацæттæ кæнынæн сæрмагондæй бынæттон базар бабæрæг кодта. Хойраг цæттæгонд æрцыд баклажантæй, аджикæ, æхсынцъы, мыд, пъамидортæ æмæ ирон цыхтæй.

Ресторатор **Гиоты Давиды** ныхасмæ гæсгæ, мæскуыйаг уазджытæ кæй скодтой, уыцы хæрзад хойраг бынæттон хæринаггæнджыты дисы бафтыдта.

— Мах кæуыл ахуыр стæм, мæскуыйаг уазджытæ уыцы бынæттон хæринæгтæй ныркон технологийы фæрцы иттæг хæрзад хойраг бацæттæ кодтой. Лывзæ карчы фыдызгъæлæй сфыцгæйæ, стæй йæм фых устрицæты бас, сойы фых нартхоры ссадимæ баклажантæ æмæ лыстæггонд ирон цыхт бафтаугæйæ, мæскуыйæгтæ иттæг хæрзад хойраг фынгыл æрæвæрдтой, — загъта Гиойы-фырт.




Цыппар боны Цæгат Ирыстоны арвитгæйæ, киноисæг къорды уæнгтæ хъæбысæйхæцджыты зал бабæрæг кодтой, ирон кæфтытимæ базонгæ сты, Дзæуджыхъæуы кадджын рестортантæй иуы та Роман Редман æмæ Никитæ Сечины суазæг кодтой хæринаггæнæг Уалыты Георгийы конд хæрзад хæлцæй.

Телеуынынады Фыццæгæм канал Цæгат Ирыстоны ист программæ "Повара на колесах" равдисдзæн 5 мартъийы.

**УЫРЫЙМÆГТЫ Фатимæ**

## Арæзтад

# Бæлццæттæн — хъæугæ уавæртæ

**Дыгургомы Мæцутæйы хъæуы 2024 азы хъуамæ фæзына, бæлццæттæ æмæ туристтæн нывыл лæггæдтæ кæм кæндзысты, ахæм бæыстыхай.**




Проект куыд амоны, афтæмæй уым уыдзысты æддейы дæр æмæ мидæгæй дæр рæсугъд фæлгонцгонд дукани, хæрæндон, фæлладуадзæн бынат æмæ æндæр хъæугæ хъуыддæгтæ. Ныртæккæ агурынц, ацы куыстытæ кæронмæ æмæ амынд æмгъуыдмæ чи ахæццæ кæна, ахæм инвесторты. Проекты аргъ, рæстæмбис нымадæй, слæудзæн 7 милуан сомы.

Ацы хабæрттæ нæ уацхæссæгæн радзырдта Æрæфы районы сæргълæууæг **Лагкуты Омар**.

**Нæ уацхæссæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Сварочные работы: лексан, ворота, перила, решетки — качественно, недорого. Инстаграм: svarka015 ТЕЛ.: 8-918-706-65-15.**

**Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры. ТЕЛ.: 8-906-188-38-83.**

**ПРОДАЕТСЯ капитально отремонтированный гараж. Удобный подъезд, есть возможность использования прилегающей территории. Адрес: ул. Герцена (в трех минутах езды от пр. Коста). ТЕЛ.: 8-904-630-18-33; 8-961-825-17-63.**

**Ремонт холодильников и стиральных машин. ТЕЛ.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.**


ИРОН ТЕАТР

**Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр**

уæ хоны йæ премьерæмæ
***18 февралы***
***"Къарол Лир" 14 +***
*Уильям Шекспиры трагедимæ гæсгæ*
*Режиссер-æвæрæг — РЦИ-Алани æмæ*
*Кæсæг-Балхъары республикæйы сгуыхт артист*
***Уалыты Гиви.***
*Сценариты нывгæнæг — **Уалыты Ларисæ***
*Уæлæдарæс аивгæнæг — **Каринæ Автандилова***
*Музыкалон фæлгонц — **Ольгæ Шайдулина***
*Райдайæн 18.00 сахатыл.*
Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.
**Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонæй: 55-14-68.**
*Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.*
*Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.*

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Продаем конский перегной в мешках; обрезка плодовых деревьев. Работает профессионал. Тел: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3441.
Заказ № 156.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**